

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar tilu hal, nyaéta: (1) kacindekan tina hasil panalungtikan. (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi pikeun panalungtikan séjénna anu patali jeung kalimah paréntah.

### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung pedaran dina bab IV, kalimah paréntah kapaluruh aya 47 kalimah dina novél *Budak Teuneung* karya Samssoedi. Data anu kapanggih satuluyna dipasing-pasing dumasar kana adegan, wanda pragmatis, jeung wujud pragmatis. Ieu di handap dipedar sacara rinci kacindekan tina hasil panalungtikan.

Kahiji, adegan kalimah paréntah dumasar struktur pola dibagi jadi 16 pola, anu kapaluruh aya 47 kalimah. Pola anu nyaéta pola C + J kapanggih aya dua kalimah jeung dibagi jadi subpola nyaéta J + C, pola 2 nyaéta pola J + C + P kapanggih aya tilu kalimah anu dibagi jadi dua subpola nyaéta subpola a C + J + P jeung subpola b C + P + J, pola 3 nyaéta pola C + C + P kapanggih aya tilu kalimah, pola 4 nyaéta pola J + C + K kapanggih aya dua kalimah anu dibagi jadi hiji subpola nyaéta C + J + K kapanggih hiji kalimah, pola 5 nyaéta pola C + C + J kapanggih dua kalimah anu dibagi hiji subpola nyaéta C + J + C, pola 6 nyaéta pola C + C + C + P kapanggih aya dua kalimah, pola 7 nyaéta pola C + K kapanggih dua kalimah, pola 8 nyaéta pola caritaan (C) kapanggih tujuh kalimah, pola 9 nyaéta pola jejer (J) kapanggih aya dua kalimah, pola 10 nyaéta pola C + C kapanggih hiji kalimah, pola 11 nyaéta pola C + U kapanggih hiji kalimah, pola 12 nyaéta pola C + J + C + K kapanggih hiji kalimah, pola 13 nyaéta pola J + K kapanggih hiji kalimah, pola 14 nyaéta J + C + J kapanggih hiji kalimah, pola 15 nyaéta J + C + C + J kapanggih hiji kalimah, pola 16 nyaéta pola J + J + C + P kapanggih hiji kalimah.

Kadua, kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* karya Samssoedi mibanda wanda pragmatis. Aya opat rupa wanda pragmatis kalimah paréntah anu kapanggih dina novel *Budak Teuneung* karya Samssoedi. Wanda pragmatis anu kahiji nyaéta kalimah paréntah omongan langsung jumlahna aya 17 kalimah, kadua

kalimah paréntah omongan teu langsung jumlahna aya 2 kalimah, katilu kalimah paréntah langsung literal jumlahna aya 4 kalimah, kaopat kalimah paréntah teu langsung literal jumlahna aya 1 kalimah.

Katilu, dina novél *Budak Teuneung* karya Samsuedi kapanggih aya 8 wujud pragmatis kalimah paréntah, nyaéta: (1) wujud pragmatis panjurung jumlahna aya 7 kalimah; (2) wujud pragmatis panitah jumlahna aya 4 kalimah; (3) wujud pragmatis panyaréék jumlahna aya 6 kalimah, (4) wujud pragmatis pangajak jumlahna aya 8 kalimah; (5) wujud pragmatis pangbagea jumlahna aya 1 kalimah; (6) wujud pragmatis anjuran jumlahna aya 6 kalimah; (7) wujud pragmatis panggentra jumlahna aya 2 kalimah; jeung (8) wujud pragmatis pangwawadi jumlahna aya 3 kalimah.

## 5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep mibanda implikasi pikeun sababaraha widang. Kahiji, dina widang paélman ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh katatabasaan atawa linguistik, hususna dina widang sintaksis jeung pragmatik. Kadua, dina kahirupan sapopoé, hususna pikeun nu maca ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi sarta jadi bahan référénsi dina mikaweruh kalimah paréntah. Salian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep dina komunikasi henteu aya deui anu disebut pasalia paham atawa *misscommunication*.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun pikeun panalungtikan satuluyna nu patali jeung ieu panalungtikan. Kahiji, pragmatik dina ieu panalungtikan ngan saukur ngulik ngeunaan wanda pragmatis jeung wujud pragmatis, ku kituna masih kénéh perlu diayakeun panalungtikan séjén anu nalungtik kalayan leuwih lega ambahanana. Kadua, ieu panalungtikan sipatna murni, ku kituna pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan, perlu diayakeun panalungtikan séjén anu ngulik kalimah paréntah nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran.

## DAFTAR PUSTAKA

- Andini, H. M. (2017). Jenis-Jenis Tindak Tutur Dan Makna Pragmatik Bahasa Guru Pada Pembelajaran Bahasa Indonesia Di SMA Negeri 1 Karangreja Kabupaten Purbalingga Tahun Ajaran 2016/2017. [http://repository.usd.ac.id/17795/2/131224069\\_full.pdf](http://repository.usd.ac.id/17795/2/131224069_full.pdf)
- Bahewa, V. (2015). Kalimat perintah dalam bahasa jerman dan bahasa talaud (suatu analisis kontrastif). *Jurnal Elektronik Fakultas Sastra Universitas Sam Ratulangi*, 4(2). <https://ejournal.unsrat.ac.id/index.php/jefs/article/download/9943/9530>
- Chaer, A. (2009). *Sintaksis Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djajasudarma & Idat, A. (1987). *Gramatika Sunda*. Bandung: Paramaatha.
- Edy, T. S. (2013). *Pragmatik Suatu Kajian*. Surakarta: UNS PRESS.
- Fitriani, E. (2013). Analisis Kalimat Perintah Pada Novel Perahu Kertas Karya Dewi Lestari. [http://eprints.ums.ac.id/24735/9/Naskah\\_Publikasi.pdf](http://eprints.ums.ac.id/24735/9/Naskah_Publikasi.pdf)
- Hamdani, A. (2017). Model Induktif: Sebuah Tawaran Dalam Mengajarkan Struktur Kalimat. *Jurnal Ilmu Pendidikan*. <https://ejournal.upi.edu/index.php/pedagogia/article/viewFile/11016/6706>
- Kuswari, U. & Hernawan. (2014). *Sintaksis Basa Sunda*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni.
- Listiyowati, V. (2014). Analisis Struktur Fungsional Pada Peribahasa Indonesia Tinjauan Sintaksis. 1–12. [http://eprints.ums.ac.id/29689/24/NASKAH\\_PUBLIKASI.pdf](http://eprints.ums.ac.id/29689/24/NASKAH_PUBLIKASI.pdf)
- Mauliana & Dahlan, M. (2021). Struktur Fungsional Pada Pribahasa Indonesia Tinjauan Sintaksis. *Jurnal Onoma: Pendidikan Bahasa Dan Sastra*, 7, 574–589.
- Nadar, F. (2009). *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Prawirasumantri, U. (2007). *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga Kecap Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Putrayasa, I. B. (2008). *Analisis Kalimat (Fungsi, Kategori, dan Peran)*. Bandung: Refika Aditama.
- Rahmawati, D. (2012). Analisis Kalimat Perintah Pada Cerita Anak Dalam Surat Kabar Salopos Edisi Oktober-Desember. [http://eprints.ums.ac.id/24945/12/NASKAH\\_PUBLIKASI.pdf](http://eprints.ums.ac.id/24945/12/NASKAH_PUBLIKASI.pdf)
- Ramadhanti, D. (2015). Penggunaan Kalimah Efektif Dalam Karya Imiah Siswa Kelas XI SMK Negeri 2 Lembah Gumanti. *Jurnal Gramatika*, 167–173. <http://media.neliti.com/media/publications/80150-ID-penggunaan-kalimat-efektif->

dalam-karya-i.pdf

- Sari, M. & Asmendri. (2020). Penelitian Kepustakaan (Library Research) dalam Penelitian Pendidikan IPA. *Jurnal Penelitian Bidang IPA Dan Pendidikan IPA*, 6(1), 41–53. <https://core.ac.uk/download/pdf/335289208.pdf>
- Septianingtias, V. (2015). Pola Kalimat Pada Kumpulan Dongeng Gadis Api Karya H. C. Adersen (Suatu Kajian Sintaksis). *Jurnal Pesona Volume*, 42–49.
- Sidiq, U. & Choiri. (2019). *Metode Penelitian Kualitatif di Bidang Pendidikan*. Ponorogo: CV Yrama Widaya.
- Sudaryat, Y., Prawirasumantri, A., & Yudribrata, K. (2007). *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Sudaryat, Y. (2014). *Linguistik Umum (Elmuning Basa) Ulikan Ilmiah Basa*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
- . (2003). *Pedaran Bahasa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- . (2016). *Wacana Pragmatik Basa Sunda*. Bandung: UPI PRESS.
- Tarigan, H. G. (1984). *Prinsip-Prinsip Dasar Sintaksis*. Bandung: Angkasa.
- . (1986). *Pangajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.